



Notifikasyon pou Piblik la

Akoz de virus Novel Corona oswa COVID-19 ak risk ke li pwopoze, Depatman Imigrasyon ap fe chanjman sa yo imedyatma.

- Tout kliyan kap cheche servis ekstansyon pou visite, servis entevyou pou nen pot aplikasyon ou te mete andedan tankou (Rezidans, Papye, Rezidans Maryaj), tanpri kontakte depatman pou'w oblige fe yon randevou avan ou vini nan biwo a.
- Tout kliyan kap vin cheche oswa kolekte papye nan biwo imigrasyon, se selman senk (5) moun nou pral permet pou antre nan seksyon an nan moman sa (*senk moun ala fwa*). Se poutet sa nou ap mande piblik la tanpri pou kontakte biwo a sou numero **1 242 225 5337** oswa imel **immigration@bahamas.gov.bs** pou asire ke dokiman ou pare avan ou vini nan biwo imigrasyon. Le ou vin cheche nen pot dokiman si ou pa patwon an (boss lan) oswa anplwaye a (met papye a) asire ke ou gen otorite pou kolekte dokiman an (papye a) epi vini avek yon idantifikasyon ki valab.
- Si wap fe aranjman avek depatman imigrasyon pou moun ki nan prizon oswa nan koum lan tanpri rele biwo a avan sou numero **1 242 225 5337** oubyen kontakte nan imel **immigration@bahamas.gov.bs** pou enfomasyon. Si nou (depatman imigrasyon) we ke li tre neseser ke ou fe entevyou avek moun lan, pou nou ka kenbe oswa kontinye lod distans sosyal la, le ou rele nap tou mete yon randevou pou'w ka visite biwo a.
- Si se enfomasyon general ou vle mande sou nen pot papye, si ou ap cheke si on papye ki pare, si ou ap peye, tanpri pa vini nan biwo imigrasyon. Selman rele biwo a sou telefon **1 242 225 5337** oswa imel **immigration@bahamas.gov.bs**. Nou ap bay enfomasyon sou ki le servis sa yo ap retounen nan jou ak semen pwochen yo.
- Pou Freeport, Grand Bahama, tout lot aeroport yo, sou dok yo, tout biwo imigrasyon sou zile yo, tanpri voye tout kesyon nou genyen pa imel **immigration@bahamas.gov.bs** oswa telefon **1 242 225 5337**

Pandan nou kontan pou nou kontinye servis na tan sa, nou vle ede redwi oswa bese chans pou kontra virus sa nan men nenpot moun ki konnen oswa pa konnen ke yo genyen virus la.

Nou espere tout koperasyon nan men piblik la pandan nou travay ansanm pou sekirite peyi Bahamas.

Kon nou genyen enfomasyon nouvo de tan nou ap komanse opere anko nou pral mete'l sou entenet nou www.immigration.gov.bsavek paj facebook. Ak tout lot enfomasyon ki tre enpotan.

Mesi



